



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EFÒ YO POU OGMANTE DEPISTAJ KANSÈ NAN TETE AK AMELYORE REZILTA NAN POPILASYON DEFAVORIZE YO

Ankèt: Fanm san asirans yo oswa yon founisè swen sante regilye gen mwens chans rete ajou avèk depistaj woutin yo

Depatman Sante Eta New York ap bay 41 milyon dola nan sibvansyon pou pwogram sèvis kansè yo; Priyore moun ki konsantre sou popilasyon defavorize yo

Gouvènè Hochul te anonse jodi a efò k ap kontinye pou ranfòse tès depistaj pou kansè yo ak amelyore rezilta kansè pou popilasyon defavorize yo nan tout eta a, pandan Mwa Sansibilizasyon Kansè nan Tete a ap fini. Pandan ke anpil Nouyòkè fè tès depistaj regilyèman pou kansè nan tete, moun ki pa gen asirans oswa yon founisè swen sante regilye gen mwens chans pou yo rapòte ke yo ajou avèk tès depistaj woutin yo, dapre yon [rapò](#) Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York te pibliye mwa sa a.

"Konklizyon yo nan rapò sa a klè, epi kòm repons, New York ap redouble efò sansibilizasyon nou yo bay fanm nan kominote defavorize yo epi asire yo gen aksè ekite nan sèvis depistaj kansè pou deteksyon bonè", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pandan Mwa Sansibilizasyon sou Kansè nan Tete a ap fini, nou dwe kontinye pran mezi pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè nan nivo swen pou fè dyagnostik ak trete maladi terib sa a".

Nan efò pou pi byen rive atenn popilasyon defavorize yo, Depatman Sante a ap [solisite aplikasyon](#) pou 41 milyon dola pou òganizasyon ki ofri tès depistaj kansè nan tete, matris, ak kansè kolorektal nan kominote yo. Sibvansyon Pwogram pou Sèvis Kansè yo pral bay ant 210,000 dola ak 990,000 dola pou òganizasyon sa yo chak ane pandan senk ane. Delè aplikasyon yo se 20 desanm 2022.

Pou adrese ekite sante ak amelyore pousantaj depistaj kansè pami popilasyon ki gen mwens chans pou yo fè tès depistaj, opòtinite finansman an bay priyore pou atenn moun ki nwa, ki idantifye kòm LGBTQIA+, oswa ki abite nan zòn riral yo. Finansman an pral ede bay tès depistaj kansè, swivi dyagnostik, ak sèvis referans tretman pou chak

konte ak minisipalite nan Eta New York, avèk yon konsantrasyon pou ede moun ki manke asirans sante.

Yon ankèt Depatman Sante te fè te jwenn ke anviwon 66.3 pousan fanm ki pa gen asirans rapòte ke yo te fè tès depistaj avèk yon mamografi pandan de ane ki sot pase yo, konpare ak 83.1 pousan ki gen asirans sante. Menm jan an tou, sèlman 66.4 pousan nan fanm ki pa gen yon founisè swen sante regilye te fè tès depistaj regilyèman, kontrèman ak 83.5 pousan nan fanm ki gen yon founisè swen sante regilye.

Anplis de sa, kansè nan tete fè ravaj sou fanm koulè yo yon fason ki pa pwopòsyonèl. Pandan fanm blan ki pa Ispanik yo gen pi gwo to ensidans kansè nan tete, fanm Nwa ki pa Ispanik yo gen pi gwo pousantaj mòtalite, dapre done sou ensidans kansè ak mòtalite nan New York.

Pousantaj kansè nan tete yo dyagnostike nan fanm Blan se 140 ka pou chak 100,000 fanm pa ane, pandan pousantaj lanmò se 18.2 pou chak 100,000. Pandan tan sa, pousantaj kansè nan tete yo dyagnostike nan fanm Nwa yo se 124 ka pou chak 100,000 fanm pa ane, pandan pousantaj lanmò se 22.2 pou chak 100,000.

Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Depistaj kansè nan tete rete yon premye liy defans nan batay kont maladi terib sa a epi tout fanm merite aksè egal pou deteksyon bonè ak mezi entèvansyon enpòtan. Mank asirans sante oswa aksè a yon founisè swen sante regilye pa ta dwe janm yon baryè nan bon jan kalite swen. Depatman Sante eta a rete angaje l pou l fè avanse aksè ekitab nan dyagnostik ak swen, pou adrese disparite rasyal nan rezilta ki rete yo, sitou pou fanm Nwa yo".

Kansè nan tete se dezyèm kòz prensipal [lanmò ki gen rapò ak kansè](#) pami fanm yo, avèk yon estimasyon ke youn sou uit devlope maladi a pandan lavi yo. Gen plis pase 16,800 fanm yo dyagnostike epi apeprè 2,500 mouri avèk kansè nan tete chak ane nan New York, dapre estatistik Depatman Sante (Department of Health, DOH) eta a konpile; gen anviwon 160 gason tou yo dyagnostike avèk maladi sa a chak ane.

Direktè Biwo Prevansyon ak Kontwòl Kansè Depatman Sante Eta a, Doktè Heather Dacus, te deklare, "Ogmantasyon nan pousantaj tès depistaj kansè nan tete nan Eta New York pral ede diminye lanmò kansè nan tete epi li kontinye se yon objektif kle ki reflekte nan Ajanda Prevansyon Eta New York ak Plan Kontwòl Konplè sou Kansè nan Eta New York. Yo mande patnè yo atravè eta a pou yo ankouraje tès depistaj kansè nan tete ki apwopriye ak laj, ki baze sou risk epi refere moun ki pa gen asirans sante yo nan Pwogram Sèvis pou Kansè".

Pou pifò fanm ki gen laj pou fè tès depistaj, mamografi regilye yo se pi bon fason pou dekouvri kansè nan tete bonè lè li pi fasil pou trete. Fè mamografi souvan ka diminye risk pou mouri akòz kansè nan tete.

Depistaj kansè nan tete gratis disponib pou Nouyòkè ki elijib, ki pa gen asirans ak ki pa gen ase asirans atravè [pwogram sèvis pou kansè](#) eta a finanse. Pou jwenn plis

enfòmasyon oswa pou w konekte ak yon pwogram ki tou pre, tanpri rele **1-866-442-CANCER**.

Eta New York kontinye se lidè nan prevansyon kansè, sa gen ladan [Plan Kontwòl Konplè pou Kansè nan Eta New York](#) pou 2018-2023; yon fèy de wout sou prevansyon ak kontwòl kansè ki gen objektif mezirab ak estrateji yo sijere ki solid pou redui fado kansè nan Eta New York. New York ap pran mezi tou atravè [Ajanda Prevansyon 2019-2024](#) Eta a, yon plan direktè ki fèt pou amelyore sante ak byennèt tout Nouyòkè yo, ki mete aksan sou egalite nan sante kay popilasyon yo ki te viv disparite istorik yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418